

ÈSKE OU PARE?

Sezon Siklòn | 1ye jen – 30 novanm 2019



ANVAN



PANDAN



APRE

2019

**GID OFISYÈL POU
PREPARASYON POU SIKLÒN**



Siyati Prè
DCFCU
TO OSI BA KE
6.99%
POUSANTAJ
PA ANE*

Prepare ak Sekirize Lakay ou

Èske ou pare pou sezon siklòn nan?

Aplike pou yon prè pèsònèl pou gen lajan ou bezwen pou byen prepare ak sekirize kay ou.

Itilize prè a pou:

 Panno Tanpèt

 Jeneratris

 Fenèt ki rezistan a enpak

 Fon ijans

dcfcu.org • 305-471-5080

*APR=(Annual Percentage Rate) Pousantaj ou kalifye pou resewa ka varye selon istwa kredi endividyèl ak faktè asirans. Tout pwogram prè, pousantaj, tèm, ak kondisyon koperativ yo sijè a chanje a nenpòt ki lè san avètisman. Maksimòm dèt garanti ak DCFCU pa gen dwa depase \$ 20,000. Pou kalifye pou pi ba pousantaj la, yo egzije depo dirèk chèk travay, oto-ebi nan peman prè DCFCU ak yo egzije tou kont chèk DCFCU. Manm yo ak yon dèt ki deja egziste ki pa garanti ap bezwen pou yo kalifye yon debousman yon lòt omwen \$ 2,500 balans ki rete a. Pwomosyon prè sa ka anile nenpòt ki lè san avètisman. Li obligatwa pou w se yon manm.



TABDÈMATYÈ

FÈ PREPARASYON	2
SIVEYANS AK AVÈTISMAN	3
ANVAN YON TANPÈT	
Planifikasyon Ijans.....	4
Pwogram Asistans nan Ijans ak Evakyasyon (EEAP).....	5
Evakyasyon.....	6
Sekirite Bèt Kay.....	8
Preparasyon pou Tanpèt.....	11
Transpò.....	14
Zòn Planifikasyon pou Mare Tanpèt yo.....	17
PANDAN YON TANPÈT	
Rete an Sekirite.....	20
APRE YON TANPÈT	
Sekirite Apre Tanpèt.....	22
Sa Pou W Veye.....	24
NIMEWO TELEFÒN, SIT WÈB AK MEDYA SOSYAL	27
LIS KONTRÒL POU TWOUS KATASTWÒF LA	28
ENFÒMASYON NAN LANG ANGLÈ	30
INFORMACIÓN EN ESPAÑOL	31
MAJISTRA AK KONSÈY KOMISÈ KONTE A	32

Sa ki nouvo nan Gid Preparasyon Siklòn 2019 la

Lektè yo ap remake enfòmasyon kle nan tout gid la make an wouj, osi byen ke konsèy preparasyon pou siklòn lan nan seksyon Rete an Sekirite a kòmanse nan paj 20 ki mete aksan sou fason enpòtan pou pwoteje tèt ou ak fanmi ou. Pou aprann plis, vizite miamidade.gov/hurricane.

FÈ PREPARASYON

Chè Rezidan Parèy Mwen yo,

Nou te gen anpil chans 2018 te yon sezon siklòn relativman trankil pou Konte Miami-Dade, lè nou konsidere nou andire Siklòn Irma nan ane anvan an. Kòm ou ka sonje, yon pwisan Kategori 4 Irma te prevwa pou frape Miami-Dade, pou li te sèlman vire lwen kominote nou an. Pandan ke nou te sitou epanye, efò planifikasyon ak rekiperasyon te imans ak 660,000 rezidan yo te bay lòd pou evakye anvan tanpèt la, pandan yo te ranmase apre sa plis pase kat milyon yad kibik nan debri.

Avèk sezon siklòn ki kòmanse 1ye jen, li trè enpòtan pou kenbe eksperyans sa yo fre nan tèt ou, epi konprann ke viv nan Sid Florid pote avantaj ansanm ak chans pou pran move tan. Gid Ofisyèl Preparasyon pou Siklòn 2019 sa a bay konsèy sou fason pou prepare pandan lontan anvan ak imedyatman anvan yon tanpèt, ak fason pou jere pandan ak apre yon tanpèt.

Enskri pou asistans evakyasyon ijans, debranche pyebwa, fè yon plan pou bèt kay ou ak prepare twous ijans ou ta dwe fèt anvan lè sezon siklòn lan kòmanse. Itilize Lis Katastwòf nan gid la pou rasanble papyè enpòtan ou yo ak founiti ijans - epi chèche konnen kijan pou evite al achte bagay pou fè manje nan dènye minit, epitou itilize dlo tiyo. Ou pap gen pou batay ak moun pou dlo nan boutèy.

Asire ou ke ou chèche yon Zòn Planifikasyon Evakyasyon Tanpèt ou a pou antisipe evakyasyon posib. Sonje byen ekri enfòmasyon kle kontak fanmi, zanmi, vwazen ak kòlèg travay.

Sa ki pi enpòtan, rete enfòmè. Pandan ke gid sa a ofri konsèy jeneral enpòtan, enfòmasyon sou **miamidade.gov**, Sant Kontak 311 lan ak kanal medya sosyal Miami-Dade a pral kenbe rezidan ak vizitè nou yo an kontak ak tout dènye enfòmasyon yo, enfòmasyon egzat anvan, pandan ak apre yon tanpèt.

Preparasyon ak konsyantizasyon yo se kle. Pandan ke nou tout espere yon lòt sezon san evènman, nou pa ka bese ponyèt nou epi nou dwe asire ke kominote nou an rete an sekirite nan ka yon tanpèt vin sou wout nou.

Salitasyon sensè,




Carlos A. Gimenez
Majistra




Audrey M. Edmonson
Prezidan

SIVEYANS AK AVÈTISMAN

■ SIVEYANS TANPÈT TWOPIKAL

Kondisyon tanpèt twopikal yo posib, abityèlman disi 48 èdtan.

■ AVÈTISMAN TANPÈT TWOPIKAL

- Sipoze gen kondisyon tanpèt twopikal, abityèlman disi 36 èdtan.

■ SIVEYANS SIKLÒN

Kondisyon siklòn yo posib, abityèlman disi 48 èdtan.

■ AVÈTISMAN SIKLÒN

- Sipoze gen kondisyon siklòn, abityèlman disi 36 èdtan.

TANPÈT TWOPIKAL

Van san rete ant 39 ak 73 mil pa è

SIKLÒN

Van san rete a omwen 74 mil pa è

ECHÈL VAN SIKLÒN SAFFIR-SIMPSON NAN

Kategori 1: ant 74 ak 95 mil pa è

Kategori 2: ant 96 ak 110 mil pa

Kategori 3: ant 111 ak 129 mil pa è

Kategori 4: ant 130 ak 156 mil pa

Kategori 5: omwen 157 mil pa è

PLANIFIKASYON IJANS



Ou dwe gen tan gen twous katastwòf ak pwovizyon dijans ou konplè disi 1ye jen, kòmansman sezon siklòn nan. Lè yo deklare yon avètisman siklòn, pifò preparasyon w yo dwe gen pou wè avèk lakay ou.



Li enpòtan pou w diskite sou plan dijans fanmi w lan alavans. Fanmi ou gen dwa pa ansanm lè katastwòf la frape, donk li enpòtan pou konnen kijan n ap kontakte youn lòt, kijan n ap reyini epi sa pou nou fè nan ka ijans.



Selon kondisyon yo, otobis, tren, sèvis ranmasaj fatra ak resiklaj, epitou ayewopò ak pò lanmè, gen dwa touche.



Pou mande Gid Ofisyèl 2019 pou Preparasyon pou Siklòn nan nan yon lòt fòm, rele Biwo Jesyon Mezi Dijans Miami-Dade la (Miami-Dade Office of Emergency Management) nan 305-468-5400.

PWOGRAM ASISTANS NAN IJANS AK EVAKYASYON (EEAP)



Rezidan ki bezwen asistans pou evakye yo dwe enskri pou Pwogram Asistans nan Ijans ak Evakyasyon an (EEAP) anvan sezon siklòn nan pou garanti y ap resevwa èd apre yon lòd evakyasyon. Yo gen dwa resevwa asistans apre yon ijans tou.

Pwogram sa a se pou moun ki gen bezwen fonskyonèl ak aksè ki rete poukont yo oswa avèk fanmi epi ki:

- pa kapab evakye poukont yo poutèt yo bezwen transpò medikal oswa espesyalize
- pa kapab kite lakay yo oswa kabann yo, pa kapab mache epi pa gen opsyon transpò
- sou ekipman medikal ki esansyèl pou lavi yo epi ki bezwen kouran
- bezwen asistans nan aktivite lavi toulejou yo



Transpò espesyalize, refij san danje, siveyans medikal ak kontwòl sante pami sèvis yo ofri rezidan ki kalifye yo. Yon moun k ap okipe li oswa yon konpayon dwe akonpaye moun y ap evakye a pandan peryòd ijans la pou garanti bezwen moun y ap evakye a satisfè rapidman.

Rezidan ki te enskri alavans nan EEAP a ap resevwa priyorite. Al nan seksyon Asistans nan Ijans ak Evakyasyon an sou miamidade.gov/hurricane oswa rele 311 pou resevwa yon enskripsyon epi aprann plis sou pwogram nan.

Rezidan ki nan mezon swen enfimye yo, nan rezidans asiste yo oswa nan fwaye pou gwoup yo dwe suiv plan dijans etablisman pa yo a. Etablisman yo ap egzekite akò èd mityèl yo si yo bezwen evakye.

EVAKYASYON

Majistra Konte Miami-Dade la kapab emèt Lòd evakye sèten zòn espesifik nan konte a yo jije ki an danje, dapre pakou yon siklòn ak mare tanpèt yo prevwa yo.



Tout rezidan kay sou wou yo dwe evakye lè yo emèt yon lòd evakyasyon, kèlkeswa Zòn Planifikasyon pou Mare Tanpèt yo.

Nou ankouraje rezidan yo pou yo rete kay fanmi oswa zanmi ki rete andedan tè yo nan yon zòn ki pa bezwen evakye.



Ou dwe konsidere sant evakyasyon yo kòm refij dènnye resò. Lè yo bay lòd evakyasyon, y ap anonse yon lis sant evakyasyon ki ouvè, ansanm avèk arè otobis dijans ki pral ofri transpò pou ale ak sòti nan sant yo. Detay yo ap afiche sou miamidade.gov oswa rele 311.



Si yo pa dezijen okenn arè otobis toupre w lan, sèvi avèk Miami-Dade Transit pou ale nan yon arè. Fè chofè otobis la konnen ou gen lentansyon al nan yon arè otobis pou evakyasyon dijans.

Se pa tout sant evakyasyon k ap ouvè pou tout ijans. Desizyon yo baze sou previzyon Sant Siklòn Nasyonal la (National Hurricane Center) pou detèmine ki lè ak ki kote siklòn nan ap touche tè.

Chak moun ki evakye ap resevwa yon espas 20 pye kare nan sant evakyasyon an, donk vini avèk bagay ki esansyèl sèlman. Tout sant evakyasyon yo respekte egzijans Lwa sou Ameriken ki gen Andikap la (Americans with Disabilities Act) pou refij. Yo otorize zannimo asistans.

SA POU W POTE NAN YON SANT EVAKYASYON:



- Dra



- Bagay pou okipe tibebe ak timoun tankou lèt bwat pou tibebe, kouchèt, jwèt, elatriye



- Lajan kach



- Atik ijyèn pèsonèl



- Atik pou distrè ou tankou liv, magazin, elatriye



- Medikaman sou òdonans ak sa ki pa bezwen òdonans



- Dlo potab



- Ti goute



- Rad rechanj



- Atik espesyal pou manm fanmi an ki granmoun aje oswa andikape



Nou rekòmande anpil pou w pote aparèy elektwonik pòtab yo — tankou telefòn, tablèt ak pake batri — tou chaje nèt poutèt pa gen anpil priz kouran nan sant evakyasyon yo.



Pou plis konsèy sou kisa pou fè nan ka ou bezwen evakye lakay ou, li Lis verifikasyon nan ka katastwòf nan paj 28 ak 29.

SEKIRITE BÈT KAY

LÈ W AP EVAKYE AVÈK BÈT KAY OU YO

Nan ka yon silòn, pran bèt kay ou avèk ou.



Sant Evakyasyon ki Aksepte Bèt Kay yo (Pet-Friendly Evacuation Centers, PFEC) disponib pou rezidan ki rete nan zòn ki gen anpil danje inondasyon, tankou paregzanp zile baryè yo, kominote kotye yo, kay sou wou yo, oswa nenpòt ki moun ki rete nan Zòn Planifikasyon pou Mare Tanpèt la ki resevwa lòd pou yo evakye. Yon manm fanmi an dwe rete avèk bèt kay la nan PFEC a epi bèt kay la dwe andedan yon kaj.



Y ap anonse adrès PFEC yo amezi yo ouvè anvan tanpèt la rive. Al sou miamidade.gov, rele Sant Kontak 311 an oswa suiv nouvel lokal ou yo pou w kapab okouran dènye enfòmasyon yo.

Tout bèt yo pral evalye pou detèmine si bèt la prezante yon risk sekirite. Yo pa bay vaksinasyon ak tretman medikal nanabri evakyasyon dijans yo.



Zannimo yo aksepte yo gen : chen, chat, firè, jèbil, kochondenn, amstè, sourit, zwazo kay ak sèten ras lapen ki peze mwens pase 10 liv.

KISA OU DWE POTE NAN YON SANT EVAKYASYON KI AKSEPTE BÈT KAY



- Prèv ou rete nan yon zòn evakyasyon



- Idantifikasyon sou kolye ki apwopriye



- Dosye medikal ak vaksinasyon ajou pou chak bèt kay. Vaksinasyon anyèl kont laraj (pou chat ak chen) epi yon otorizasyon Konte Miami-Dade vizib pou chen yo obligatwa



- Pwovizyon manje ak atik pou 3 jou pou bèt kay yo, epitou kaj apwopriye; kolye, kòd oswa baboukèt; epi kabann ak jwèt

KONSÈY JENERAL POU SEKIRITE BÈT KAY



Mete idantifikasyon sou kolye apwopriye epi verifye pis elektwonik la gen enfòmasyon ou ajou.



Pare pou w okipe bèt kay ou yo epi kenbe yo sou kontwòl toutan.



Li pi bon pou w konte 1 1/2 galon dlo, epitou ase manje ak medikaman pou chak zannimo pou omwen 3 jou. Pa bliye bòl sèvis yo.

NOU PARE. E OU MENM?

PA KITE REYON VID YO NAN MAKÈT LA ESTRESE OU.

Depatman Dlo Potab ak Egou Miami-Dade la ap travay 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou garanti rezidan Miami-Dade yo gen sèvis dlo san danje ak san rete rive lakay yo anvan, pandan ak apre yon tanpèt. Envesti nan veso pou dlo ou kapab toujou kenbe ansanm avèk atik pou siklòn ou yo pou w pa janm gen pou w enkyete w de zafè dlo ankò, sa k ap ba ou posibilite konsantre sou kenbe fanmi ou ak pwopriyete w lan an sekirite.



**KONSÈVE ASE DLO
POU GEN 1 GALON DLO
PA JOU PA MOUN
POU 3 JOU.**

**Konsève 1.5 galon
dlo pa bèt kay pou
yon peryòd 3 jou.**

KALITE. VALÈ. KWASANS EKONOMIK.

WWW.MIAMIDADE.GOV/WATER



PREPARASYON POU TANPÈT



Ou dwe gen yon twous katastwòf avèk atik dijans tankou flach, pil, sache fatra ak lòt bagay toujou. W ap jwenn lis kontwòl debaz yo nan paj 28 ak 29.

Enskri pou alèt dijans nan [miamidade.gov/account](https://www.miamidade.gov/account). Li plis kosènan bagay esansyèl ou bezwen nan needs at [miamidade.gov/hurricane](https://www.miamidade.gov/hurricane).

PREPARASYON KAY LA



Pran foto kay ou a (alafwa enteryè ak eksteryè) pou konpayi asirans mèt kay ou a.

Pwoteje zòn kote van kapab antre. Fenèt yo ak pòt yo dwe fèmen avèk volè tanpèt Konte a apwouve. Yon lòt opsyon se bare fenèt yo avèk playwoud 5/8 pous. Tep PA anpeche fenèt yo kraze.

Pwoteje aparèy elektwonik yo avèk dispozitif pwoteksyon kont varyasyon tansyon ak kouvèti enpèmeyab.

Mete mèb jaden yo oswa lòt atik eksteryè ki pa mare epi ki ta kapab vole, andedan.

Retire lajan kach labank epi mete gaz nan machin ou, nan dèlko ou ak lòt zouti ki mache avèk gaz.

CHANTYE KONSTRIKSYON



Nan ka yon avètisman tanpèt twopikal oswa yon siveyans siklòn, kontraktè lisansye yo oblije sekirize chantye travay yo. Yo dwe mare oswa retire bagay ki gen posibilite vin danjre yo.



TOURIS

Koute anons otèl ou a, liy kwazyè w lan oswa liy ayeryen w lan. Suiv tout lòd fonksyonè lokal yo bay, tankou paregzanp sou evakyasyon ak refij.

Lè Sant Operasyon Dijans Konte Miami-Dade la aktive, tout nouvo enfòmasyon kle sou sèvis yo ap afiche sou [miamidade.gov](https://www.miamidade.gov).

Ou ka rele tou Sant Kontak 311 epi swiv Konte Miami-Dade sou chanèl medya sosyal pou enfòmasyon ajou. Pou yon lis nimewo telefòn adisyonèl enpòtan, sit entènèt ak chanèl medya sosyal, ale nan paj 27.



NETWAYE PYEBWA

Pa kòmanse aktivite ni netwaye pyebwa ni netwaye ni mete fatra sou twotwa pandan yon siveyans oswa yon avètisman tanpèt twopikal oswa siklòn.



Netwaye pyebwa yo ak plant yo **ANVAN** sezon siklòn nan kapab redui debri yon tanpèt kreye. Lè ou netwaye pyebwa yo kòmsadwa sa ogmante chans tou pou yon pyebwa reziste tanpèt la.

Pa bliye konsilte oswa anboche yon aborikiltè sètifye ak lisansye anvan ou taye pyebwa yo.

DLO




Plen veso aliminyòm oswa plastik yo avèk dlo potab lè yo anonse yon avètisman siklòn. Planifye pou omwen yon galon pa moun pa jou pou ant 3 ak 7 jou. Anplis de sa, kenbe lòt veso yo twaka plen avèk dlo potab epi mete yo nan frizè ou pou w kapab gen glas apre tanpèt la.

Pa kòmanse aktivite ni netwaye pyebwa ni netwaye ni mete fatra sou twotwa pandan yon siveyans oswa yon avètisman tanpèt twopikal oswa siklòn.

Anvan w plen veso dlo ou yo, lave yo avèk savon ak dlo epi rense yo byen. Apre sa, plen veso a avèk yon solisyon yon gwo kiyè klowòks san sant — sa ou itilize pou lesiv la — pa galon dlo. Kite li chita pandan 10 minit, epi apre sa vide solisyon an epi rense veso a.

ESTOKAJ GAZ AK DÈLKO



Konsève gaz la nan veso ki apwouve pou sa, ki kenbe 5 galon pou pipis, nan yon zòn fre, sèch, ayere epi sekirize, lwen aparèy menaje. Pa mete li kote pou timoun ale ladan.

Ou dwe sèvi avèk dèlko andeyò kote moun rete, sèlman nan zòn byen ayere lwen fenèt, pòt, twou pou sikilasyon lè oswa lòt ouvèti. Ou pa dwe sèvi avèk yo sou balkon yon estrikti ki gen plizyè inite.



RANMASAJ FATRA

Jete fatra ou genyen nan kay ou ak nan lakou w anvan yon tanpèt:

- avèk sèvis ranmasaj fatra de fwa pa semèn ou an
- avèk yon randevou w ap pran anliy oswa nan nimewo 311 an pou ranmasaj gwo fatra
- nan youn nan 13 Sant Fatra ak Resiklaj Katye yo kote ou kapab pase lage fatra oswa mòso pyebwa

13 SANT FATRA AK RESIKLAJ KATYE YO

Ouvè chak jou apati 7 a.m. jiska 5:30 p.m.

North Dade
21500 NW 47 Ave.

Norwood
19901 NW 7 Ave.

Golden Glades
140 NW 160 St.

Palm Springs North
7870 NW 178 St.

West Little River
1830 NW 79 St.

Snapper Creek
2200 SW 117 Ave.

Sunset Kendall
8000 SW 107 Ave.

Richmond Heights
14050 Boggs Dr.

Chapman Field
13600 SW 60 Ave.

Eureka Drive
9401 SW 184 St.

West Perrine
16651 SW 107 Ave.

South Miami Heights
20800 SW 117 Ct.

Moody Drive
12970 SW 268 St.



Sere poubèl fatra ak resiklaj ou yo nan yon garaj, nan yon anga oswa sou yon galri dèyè ki kouvri anvan tanpèt la rive.

Si fòk ou jete fatra oswa gwo dechè — sa gen ladan mòso pyebwa — kondisyon meteyo yo pral detèmine si Sant Fatra ak Resiklaj Katye yo ouvè. Al sou miamidade.gov oswa rele 311 pou plis enfòmasyon.

Si ou pa resevwa sèvis ranmasaj fatra nan men Konte Miami-Dade, kontakte vil ou a pou enfòmasyon sou sèvis pou retire fatra anvan ak apre yon tanpèt.

RETAY GAZON

Jadinye peyizajis ak rezidan yo pa dwe soufle gazon koupe sou twotwa, nan lari ak nan twou egou yo, sa ki kapab lakòz lari a inonde. Olye de sa, yo dwe mete yo nan sache oswa soufle yo retounen sou gazon an kote yo kapab sèvi kòm pay natirèl.

TRANSPÒ



EVAKYASYON

Ou dwe konsidere sant evakyasyon yo kòm refij dènnye resò sèlman. Lè yo bay lòd evakyasyon, y ap anonse yon lis sant evakyasyon ki ouvè, ansanm avèk arè otobis dijans ki pral ofri transpò pou ale ak sòti nan sant yo. Detay yo ap afich miamidade.gov oswa rele 311.



TRANZIT PIBLIK

Sit otobis dijans yo va bay transpò pou ale ak soti nan sant evakyasyon yo. Vizite paj wèb Evakyasyon dijans yo nan miamidade.gov/hurricane oswa rele 311.



Sèvis Metrobus, Metrorail ak Metromover yo, epitou rezo transpò Konte a, gen dwa fèmen lè gen van 39 mil pa è san rete.

KONDWI SOU WOUT

Yo gen dwa retire peyaj sou otowout yo pou fasilite sikilasyon an.



Souvan gen blakawout pandan tanpèt. Lè limyè sikilasyon yo pa mache byen, pa bliye respekte kondisyon arè kat sans yo nan tout kafou yo. Rele 311 pou rapòte panno sikilasyon, limyè sikilasyon oswa limyè lari ki donmaje.



VWAYAJ

Pou enfòmasyon pou pasaje pò ak ayewopò, kontakte liy espesifik ou a.

BATO



Si ou gen bato, sonje mare li kòm sadwa. Sèvi avèk liy doub yo nan yon pò pou ti bato oswa retire li nan dlo pou mete li sou waf la. Pa janm eseye sove pou siklòn nan bato.

Tout pò pou ti bato yo ap fèmen lè van san rete yo rive 39 mil pa è. Pak Nasyonal Biscayne nan ap rale tout bato al nan Everglades epi l ap fèmen omwen 24 èdtan anvan tanpèt twopikal la oswa siklòn nan touche tè.

Lè evakyasyon yo kòmanse sòti sou zile baryè yo, pon Intracoastal Waterway yo ap ouvè detanzantan pou kite sikilasyon sou lanmè a pase jiskaske yo fèmen nèt.

Òganis fòs de lòd lokal yo ap emèt avètisman sou lè pon yo ap fèmen nèt pou sikilasyon sou lanmè. Pon yo abityèlman fèmen nèt omwen witèdtan anvan van 39 mil pa è yo sipoze kòmanse.

Anrejistre pou alèt pò ti bato yo nan miamidade.gov/account.



Pwogram Connected Citizens Waze la pèmèt rezidan yo bay sijasyon deplasman pou chofè yo gras a Waze. Telechaje aplikasyon mobil Waze la jodi a.



Ranje Avni w

Preparasyon pou resansman 2020 deja kòmanse. Se lè chak 10 zan yo konte popilasyon Etazini an, epi sa detèmine enfòmasyon enpòtan ki mare ak finansman federal ak reprezantasyon nan gouvènman an.

Done resansman ede idantifye tou ki kote moun ap viv ak ki Zòn Planifikasyon Tanpèt yo abite, ki ede nan deside ki kote pou mete sant evakyasyon nan ka ta gen yon ijans.

Li oblogatwa pou patisipe nan resansman an. Nan 2020, ou va kapab reponn resansman an sou entènèt, sa fè li pi fasil pou yo konte w. Li sekirite tou: Enfòmasyon moun ki reponn yo bay va rete konfidansyèl.

Asire ke ou konte!

Pou plis enfòmasyon, vizite miamidade.gov/2020census.



#MiamiDadeCounts

Shape
your future
START HERE >

United States®
Census
2020

BYEN PASE TOUT TANPÈT GRAS A KAT BIBLIYOTÈK NOU AN!

ANVAN: Jwi yon ti detant pandan w ap tann tanpèt la pase. Telechaje aplikasyon nou yo pou liv elektwonik, liv odyo, fim ak mizik nan www.mdpls.org/apps oswa nan bibliyotèk anliy nou an nan www.mdpls.org.

PANDAN: Bibliyotèk anliy nou an ap rete aksesib depi tan an pèmèt sa. Atik ou te deja telechaje yo ta dwe aksesib sou aparèy ou yo.

APRE: Sikisal yo ap kòmanse ouvè kou sa san danje pou fè sa. Vin nan bibliyotèk la pou chaje aparèy mobil ou yo, jwenn Wi-Fi, sèvi avèk òdinatè ak laptop, epi senpleman rilaks.

OU PA GEN KAT BIBLIYOTÈK?

Enskri pou yon kat elektwonik nan ecard.mdpls.org epi w ap kapab monte touswit sou bibliyotèk anliy nou an!



#MDPLS

www.mdpls.org



RESOUS DEZAS PANDAN W AP DEPLASE

Sant aktivasyon aplikasyon mobil dijans gratis yo gen tout bagay ou bezwen pou pare pou siklòn ak lòt dezaz.

Gen aksè fasil ak Gid ofisyèl preparasyon pou siklòn ki gen ladan yon twous dezaz ki gen lis bagay pou w achte ak enfòmasyon kontak enpòtan.

Jwenn dènye enfòmasyon sou lòd evakyasyon yo, chèche konnen ki sant evakyasyon ki ouvri oswa ki Zòn Planifikasyon Mare Tanpèt ou.

Aprè yon dezaz, itilize ap la pou rapòte domaj oswa pou jwenn nouvell rekiperasyon.

Prepare. Siveye. Retabli.

Telechaje ap la Jodi a!



ZÒN PLANIFIKASYON POU MARE TANPÈT YO

Mare tanpèt se pi gwo danje pou lavi ak pwopriyete lè gen siklòn. Sa rive lè fòs tanpèt twopikal oswa siklòn yo pouse dlo lanmè a sou rivaj la.



Yon Zòn Planifikasyon pou Mare Tanpèt se yon zòn ki ta kapab sibi efè mare tanpèt omwen 1 1/2 pye pandan yon siklòn. Desizyon evakyasyon yo baze anpil sou planifikasyon pou mare tanpèt.

Gen senk zòn, make sòti nan A rive nan E, ki idantifye danje mare tanpèt la. Zòn A gen plis danje pou tanpèt Kategori omwen 1. Zòn planifikasyon sa yo okipe mare tanpèt sèlman, se pa zòn inondasyon.

Lè yo idantifye yon menas, y ap evakye chak zòn (oswa pòsyon zòn) dapre pakou siklòn nan ak mare tanpèt yo prevwa a, kèlkeswa kategori siklòn nan.


Yo detèmine Zòn Planifikasyon pou Mare Tanpèt yo gras a rezo modèl Mare Lanmè, Lak ak Tè poutèt Siklòn yo (Sea, Lake and Overland Surge from Hurricanes, SLOSH) ki gen ladan yo karakteristik fizik lokal yo tankou zòn kotye jeyografik yo, bè yo, rivyè yo, pwofondè dlo yo ak pon yo. Yo idantifye si zòn ki bò kannal, rivyè epi ki pi andedan tè yo an danje pou mare tanpèt baze sou done SLOSH yo.

Tout rezidan Konte Miami-Dade dwe konnen nan ki Zòn Planifikasyon pou Mare Tanpèt li rete. Pou detèmine zòn pa w la, al sou miamidade.gov/hurricane, epi antre adrès ou. Ou kapab telechaje tou aplikasyon mobil Ready MDC a oswa rele 311.

KONN ZÒN OU

- **Zòn A** gen plis danje mare tanpèt poutèt tanpèt Kategori omwen 1.
- **Zòn B** gen danje mare tanpèt pou tanpèt Kategori omwen 2.
- **Zòn C** gen danje mare tanpèt pou Tanpèt Kategori omwen 3.
- **Zòn D** gen danje mare tanpèt pou tanpèt Kategori omwen 4.
- **Zòn E** gen danje mare tanpèt pou tanpèt Kategori 5.





80 100 W
80 150 W
80 200 W
80 250 W
80 300 W

25°55'0"N
25°50'0"N
25°45'0"N
N

HARDING AVE

COLLINS AVE

BISCAYNE BLVD

NE 163RD ST

NE 6TH AVE

NE 125TH ST

NE 2ND AVE

N MIAMI AVE

MACARTHUR CSWY

RICKENBACKER CSWY

GRANDMOND BLVD

NE 215TH ST

NW 199TH ST

NW 183RD ST

NW 175TH ST

SR 826 EXT

SR 19

OPA LOCKA BLVD

NW 135TH ST

NW 119TH ST

NW 7TH AVE

NW 17TH AVE

NW 22ND AVE

NW 27TH AVE

NW 32ND AVE

NW 37TH AVE

E 8TH AVE

E 4TH AVE

PALM AVE

W 4TH AVE

W 8TH AVE

W 12TH AVE

SR 934

NW 72ND AVE

NW 41ST ST

NW 107TH AVE

NW 74TH ST

NW 68TH ST

NW 58TH ST

NW 47TH AVE

NW 37TH AVE

NW 27TH AVE

NW 17TH AVE

NW 7TH AVE

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

FLORIDA TPKE EXPY

SR 112

SR 195

SR 41

SR 1

SR 441

SR 924

SR 836

SR 395

SR 41

SR 1

SR 177TH AVE

SR 22ND AVE

SR 27TH AVE

SR 37TH AVE

SR 42ND AVE

SR 57TH AVE

SR 67TH AVE

SR 77TH AVE

SR 87TH AVE

SR 97TH AVE

SR 107TH AVE

SR 117TH AVE

SR 127TH AVE

SR 137TH AVE

SR 147TH AVE

SR 157TH AVE

SR 162ND AVE

SR 177TH AVE

SR 187TH AVE

SR 197TH AVE

SR 207TH AVE

SR 217TH AVE

SR 227TH AVE

SR 237TH AVE

SR 247TH AVE

SR 257TH AVE

SR 267TH AVE

SR 277TH AVE

SR 287TH AVE

SR 297TH AVE

SR 307TH AVE

SR 317TH AVE

SR 327TH AVE

SR 337TH AVE

NW 199TH ST

NW 183RD ST

NW 175TH ST

SR 826 EXT

SR 19

OPA LOCKA BLVD

NW 135TH ST

NW 119TH ST

NW 7TH AVE

NW 17TH AVE

NW 22ND AVE

NW 27TH AVE

NW 32ND AVE

NW 37TH AVE

E 8TH AVE

E 4TH AVE

PALM AVE

W 4TH AVE

W 8TH AVE

W 12TH AVE

SR 934

NW 72ND AVE

NW 41ST ST

NW 107TH AVE

NW 74TH ST

NW 68TH ST

NW 58TH ST

NW 47TH AVE

NW 37TH AVE

NW 27TH AVE

NW 17TH AVE

NW 7TH AVE

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

NW 42ND AVE

NW 47TH AVE

NW 57TH AVE

NW 67TH AVE

NW 186TH ST

NW 138TH ST

W 68TH ST

W 28TH AVE

SR 826

SR 27

SR 924

SR 836

SR 395

SR 41

SR 1

SR 177TH AVE

SR 22ND AVE

SR 27TH AVE

SR 37TH AVE

SR 42ND AVE

SR 57TH AVE

SR 67TH AVE

SR 77TH AVE

SR 87TH AVE

SR 97TH AVE

SR 107TH AVE

SR 117TH AVE

SR 127TH AVE

SR 137TH AVE

SR 147TH AVE

SR 157TH AVE

SR 162ND AVE

SR 177TH AVE

SR 187TH AVE

SR 197TH AVE

SR 207TH AVE

SR 217TH AVE

SR 227TH AVE

SR 237TH AVE

SR 247TH AVE

SR 257TH AVE

SR 267TH AVE

SR 277TH AVE

SR 287TH AVE

SR 297TH AVE

NW 199TH ST

NW 183RD ST

NW 175TH ST

SR 826 EXT

SR 19

OPA LOCKA BLVD

NW 135TH ST

NW 119TH ST

NW 7TH AVE

NW 17TH AVE

NW 22ND AVE

NW 27TH AVE

NW 32ND AVE

NW 37TH AVE

E 8TH AVE

E 4TH AVE

PALM AVE

W 4TH AVE

W 8TH AVE

W 12TH AVE

SR 934

NW 72ND AVE

NW 41ST ST

NW 107TH AVE

NW 74TH ST

NW 68TH ST

NW 58TH ST

NW 47TH AVE

NW 37TH AVE

NW 27TH AVE

NW 17TH AVE

NW 7TH AVE

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

SR 836 EXT

NW 42ND AVE

NW 47TH AVE

NW 57TH AVE

NW 67TH AVE

NW 186TH ST

NW 138TH ST

W 68TH ST

W 28TH AVE

SR 826

SR 27

SR 924

SR 836

SR 395

SR 41

SR 1

SR 177TH AVE

SR 22ND AVE

SR 27TH AVE

SR 37TH AVE

SR 42ND AVE

SR 57TH AVE

SR 67TH AVE

SR 77TH AVE

SR 87TH AVE

SR 97TH AVE

SR 107TH AVE

SR 117TH AVE

SR 127TH AVE

SR 137TH AVE

SR 147TH AVE

SR 157TH AVE

SR 162ND AVE

SR 177TH AVE

SR 187TH AVE

SR 197TH AVE

SR 207TH AVE

SR 217TH AVE

SR 227TH AVE

SR 237TH AVE

SR 247TH AVE

SR 257TH AVE

SR 267TH AVE

SR 277TH AVE

SR 287TH AVE

SR 297TH AVE

NW 199TH ST

NW 183RD ST

NW 175TH ST

SR 826 EXT

SR 19

OPA LOCKA BLVD

NW 135TH ST

NW 119TH ST

NW 7TH AVE

NW 17TH AVE

NW 22ND AVE

NW 27TH AVE

NW 32ND AVE

NW 37TH AVE

E 8TH AVE

E 4TH AVE

PALM AVE

W 4TH AVE

W 8TH AVE

W 12TH AVE

SR 934





Gesyon Dijans

<http://www.miamidade.gov/oem>

Zòn Planifikasyon Mare Tanpèt yo

- A
- B
- C
- D
- E



25°40'0" N 25°35'0" N 25°30'0" N 25°25'0" N

RETE AN SEKIRITE



Suiv **miamidade.gov**, radyo ou oswa televizyon ou pou nouvell sou meteyo ak enstriksyon fonksyonè sekirite piblik yo.



Rete andedan, epi pito nan yon pyès ki pa gen fenèt.



Pote twous dijans ak founiti pou katastwòf ou yo si w ap deplase sòti nan yon pyès al nan yon lòt oswa si w ap evakye pou al nan refij.



Si inondasyon ap menase lakay ou, etenn kouran an nan switch santral la.



Sèvi avèk flach, olye de balenn oswa lanp kewozèn, pou klere.



Evite sèvi avèk telefòn nan epi pa ni benyen ni pran douch pandan tanpèt la.



Si ou nan blakawout, etenn tout gwo aparèy yo.



Pa sòti pandan je tanpèt la. Tan an ap kalm yon moman tou kout anvan van ki gen fòs siklòn yo retounen.



Mete timoun yo okouran sa k ap pase a epi siveye siy estrès.



Kenbe bèt kay yo nan kaj yo.




Antre nan beywa a epi rale yon matla sou tèt ou kòm pwoteksyon kont debri si kay ou kòmanse kraze.

SEKIRITE APRE TANPÈT

Anpil blesi poutèt katastwòf rive nan kontrekou yon tanpèt twopikal oswa yon siklòn. Men kèk jan pou w rete an sekirite.



Rete andedan jiskaske otorite lokal yo di pa gen danje lè ou sòti.



Si w oblije sòti, fè atansyon a bagay ki tonbe ak fil elektrik ki atè a. Rapòte fil elektrik ki atè kot Florida Power & Light.



Enspekte lakay ou pou wè si pa gen donmaj pou w sèten pa gen danje rete la, epi verifbye pa gen fuit gaz.



Kontakte ajan asirans ou. Pran foto dega yo epi kenbe dosye sou kou reparasyon ak netwayaj yo.



Pa rete nan zòn kote tanpèt la fè gwo dega.



Pa retire kouvèti twou egou yo pou vide wout ki inonde. Sa ta kapab fè twòp dlo nan sistèm egou a epi lakòz li debòde.



Si ou rete nan yon zòn kote gen rezidans ak biznis menm kote (tankou pepinyè), kenbe debri rezidansyèl ak komèsyal yo nan pil separe.



Obeyi tout lòd kouvrefe ak ijans.



Mete pil debri yo nan zòn sikilasyon an, lwen kloti, bwat a lèt, twou egou ak fil ki pandye ba. Pa mete debri sou teren vid, sou teren agrikòl oswa devan pwopriyete komèsyal.



Si pwopriyete w lan pa pre yon zòn sikilasyon piblik, oswa si ou rete nan yon katye rezidansyèl fèmèn, pa mete debri yo nan zòn sikilasyon ki pi pre a toutotan fonksyonè gouvènman yo pa ba ou enstriksyon pou sa



Pa sèvi avèk ni griy babekyou chabon, ni fou pwopàn pou kanping ni dèlko andedan.



Jete tout manje ki te nan frijidè ou sispèk ki gate.



Lè w ap netwaye debri tanpèt, sèvi avèk yon bale olye de yon tiyo kawoutchou pou konsève dlo. Bale epi mete debri yo nan sache pou yo pa bouche twou egou yo epi fè egou yo debòde.



Rele 311 pou rapòte charyo poubèl oswa resiklaj ki pèdi oswa ki donmaje pou yo kapab ranplase yo.



Soutni inisyativ sekou yo nan lòt zòn ki touche. Don lajan bay òganizasyon volontè yo se fason prensipal pou ede.



Pran pasyans epi fè atansyon. Netwayaj apre yon tanpèt kapab pran tan.



SA POU W VEYE



DLO INONDASYON

Pa ni kondui ni mache nan dlo dòmi. Li gen dwa pi fon lontan pase sa ou panse a epi gen dwa gen danje ki kache ladan.

Alasuit yon tanpèt, si gen inondasyon ki touche andedan pwopriyete w lan, rele 311 pou rapòte sa. Si ou gen yon tiyo ki kase oswa k ap koule, rele Depatman Dlo Potab ak Egou a nan 305-274-9272..




PRI EKSESIF

Si Gouvènè Florida a oswa Majistra Konte Miami-Dade la deklare eta dijans, règleman sou pri eksesif yo ap antre an vigè.

Yo konsidere pri eksesif kòm “pri imoral,” yo detèmine gras a konparezon pri yo mande a pandan yon ijans avèk sa yo te mande a pou menm danre a pandan peryòd 30 jou ki sot pase a. Pou rapòte pri eksesif, rele Biwo Pwokirè Jeneral Florida a nan 1-866-966-7226.

BARYÈ PISIN



Aprè yon siklòn, si baryè pisin ou an tonbe oswa donmaje, ranje li oswa ranplase li dwe yon priyorite. Yon pisin prezante danje pou lavi menm si li vid.

Annatandan ou kapab ranplase oswa ranje baryè pisin ou an, ou kapab enstale yon tisi may pwoteksyon tanporè pou konstriksyon. Ou kapab achte tisi may tanporè a nan kenkayri ki bò lakay ou yo.

Epitou, si pisin ou a pa fonksyone nòmalman, ajoute klò regilyèman pou evite kondisyon kote gen twòp alg k ap pouse ak twòp marengwen k ap multipliyè.



MARENGWEN

Kondisyon lapli, mouye ki souvan suiv yon siklòn kapab lakòz gen plis marengwen. Pou redui miltiplikasyon marengwen yo vide dlo dòmi ki nan jwèt timoun yo, nan bato ki pa kouvri ak nan anbakasyon ki pa jete dlo, epitou nan poubèl ak kouvèti yo.

Sonje bagay ki annapre yo pou evite marengwen mòde ou:



- Ranje griyaj yo sou fenèt yo, pòt yo, galri devan yo ak galri dèyè yo.



- Evite rete deyò nan labrin ak nan gran maten lè marengwen yo gen plis chans mòde.

- Abiye avèk rad leje, long ak lach ki kouvri po a.



- Sèvi avèk anti-marengwen ki gen engredyan EPA rekòmande a, DEET.



Aprann pi plis ankò nan [miamidade.gov/mosquito](https://www.miamidade.gov/mosquito).

LÒD BOUYI DLO



Nan ka ra kote yo bay lòd bouyi dlo pa prekosyon apre yon tanpèt, Depatman Sante Florida a nan Konte Miami-Dade konseye pou yo bouyi dlo ki sèvi pou bwè, fè manje, bwose dan, fè glas oswa lave vesèl anvan yo sèvi avèk li. Ou dwe kite dlo a bouyi ak gwo bouyon pandan omwen yon minit.

Pa gen pwoblèm si ou sèvi avèk dlo a pou pran douch, depi ou pa gen blesi ouvè. Nan ka ou pa kapab bouyi dlo a, sèvi avèk klowòks nòmal san sant pou kay pou dezenfekte dlo a. Sèvi avèk uit gout klowòks pa galon dlo, brase li epi kite li chita pandan 30 minit.

Si dlo a parèt twoub, rekòmanse pwosesis la epi apre sa l ap pare pou w sèvi avèk li. Yon lòt opsyon se sèvi avèk konprime pou dezenfekte dlo, ou kapab jwenn yo kote yo vann atik pou espò oswa kanping.

Si ou pa resewa dlo w lan nan men Konte Miami-Dade, siveye estati dlo potab ou a kot founisè sèvis piblik minisipal ou a.

Sòti nan Preparasyon rive nan Rekiperasyon

Gen anpil opòtinite pou ofri
asistans bay vwazen nou yo.

Si ou konnen yon moun ki gen mobilite limite ak pwoblèm medikal, ede yo enskri pou Pwogram Asistans Ijans ak Evakyasyon (EEAP) pou asire yo resewa asistans.

Konte Miami-Dade ofri fòmasyon gratis nan ladrès debaz repons pou katastwòf. Aprann sekirite kont dife, rechèch ki pa konplike ak sekouris, òganizasyon ekip ak operasyon medikal dezaz. Pou plis enfòmasyon sou pwogram ekipman repons ijans kominotè (CERT), imèl cert@miamidade.gov.

Following a storm, Miami-Dade Parks plays a big role in recovery efforts – among them, clearing tree debris, diagnosing and inspecting the condition of trees, and opening community centers and pools for residents seeking relief. I

f you want to help Parks in the post-hurricane debris cleanup efforts, sign up to volunteer and join in clearing the way. For more information, visit miamidade.gov/parks after a storm.


Aprè yon tanpèt, Miami-Dade Parks jwe yon gwo wòl nan efò rekiperasyon - tankou, netwaye debri pyebwa, dyagnostik ak enspekte kondisyon pyebwa yo, ak louvri sant kominotè ak pisin pou rezidan k ap chèche soulajman.

Si ou vle ede Parks nan efò netwayaj debri apre siklòn lan, enskri kòm volontè ak rantre nan nan netwaye wout. Pou plis enfòmasyon, vizite miamidade.gov/parks apre yon tanpèt.

**Vini ansanm epi ede rezidan Konte Miami-Dade yo rete an sekirite anvan, pandan
aka pre yon tanpèt.**

Enskri pou opòtinite volontè lè ou anregistre nan miamidade.gov/account.





NIMEWO TELEFÒN, SIT WÈB AK MEDYA SOSYAL

IJANS

911

PWOBLÈM KI PA IJANS

305-4-POLICE (476-5423)

KONTE MIAMI-DADE

311 or 305-468-5900

TTY: 711

miamidade.gov

@MiamiDadeCounty

@MiamiDade311

Gid pou Siklòn:

miamidade.gov/hurricane

BIWO JESYON MEZI DIJANS

KONTE MIAMI-DADE

miamidade.gov/oem

@MiamiDadeEM

PONPYE MIAMI-DADE

miamidade.gov/fire

@MiamiDadeFire

DEPATMAN LAPOLIS MIAMI-DADE

miamidade.gov/police

@MiamiDadePD

@MDPDenEspanol

SID FLORID PARE

www.readysouthflorida.org

SANT NASYONAL POU

ZAFÈ SIKLÒN

www.nhc.noaa.gov

@NWSNHC

SÈVIS NASYONAL METEYO - MIAMI

www.weather.gov/mfl/

@NWSMiami

ELEKTRISITE AK LIMYÈ FLORID

1-800-4-OUTAGE (468-8243)

TTY: 711

www.fpl.com

@insideFPL

AJANS NASYONAL POU JESYON IJANS

FEDERAL EMERGENCY MANAGEMENT

AGENCY (FEMA)

1-800-621-FEMA (3362)

TTY: 1-800-462-7585

www.fema.gov

@fema

KWAWOUJ ETAZINI - SID FLORID

305-644-1200

www.redcross.org/local/florida/south-florida

@SFLRedCross

SÈVIS SOSYAL POU FANMI

211

TTY: 305-644-9449

LIY DIRÈK KONTWÒL PWAZON

1-800-222-1222

LEKÒL PIBLIK KONTE MIAMI-DADE

305-995-1000

www.dadeschools.net

@MDCPS

ENFÒMASYON SOU SIKILASYON

511

FL511.com

PLENT POU PRI EKSESIF

KOT BIWO PWOKIRÈ

JENERAL FLORID

1-866-966-7226

DEPATMAN SEKIRITE ENTERYÈ ETAZINI

www.ready.gov

LIS VERIFIKASYON NAN KA KATASTWÒF

Anvan sezon siklòn nan, rasanble atik ou gen dwa bezwen yo nan ka w ap evakye epi kenbe yo nan yon veso enpèmeyab ki fasil pou pote tankou yon sakado oswa yon sak espò.



Omwen yon galon dlo pa moun pou ant 3 ak 7 jou



First-aid kit



Goute ki p ap gate ak manje nan pake oswa nan bwat pou omwen ant 3 ak 7 jou



Telefòn selilè ki tou chaje ak chajè



Zouti pou livri kenn alamen



Jwèt ki pa fè bri oswa materyèl pou lekti



Rad derechanj, ekipman pou lapli ak soulye ki gen repondong



Linèt, kontak pou je, aparèy pou ede moun tande ak tout batri



Dra/kouvèti pou kouche nan ti espas



Atik pou pran swen zannimo lakay ak tout manje



Medikaman sou preskripsyon yo



Flach, radyo ki sèvi ak batri ak tout batri yo



Atik pou llyèn pèsònèl



Kle oto derechanj



Atik espesyal pou ti bebe yo, grandèt yo oswa manm fanmi enfim yo



Lajan kach



Sak pou mete fatra

DOKIMAN ENPÒTAN

- Lis manm fanmi, zanmi oswa vwazen ak enfòmasyon kontak yo
- Lis telefòn doktè fanmi yo
- Dokiman enpòtan nan yon kontenè oswa yon sak ki pa pran dlo:
 - Asirans (oto, kay, vi, elatriye.)
 - Dosye medikal
 - Enfòmasyon aparèy medical (estil ak nimewo seri)
 - Nimewo kont labank
 - Kat sosyal sekirite
 - Fakti itilite pou bay prèv kote ou rete menmsi zòn ou an sekirize akos domaj

NÒT:

IF YOU MUST EVACUATE YOUR HOME

- Pran bagay ki gen valè
- Etenn itilite yo (dlo, elektrisite, gaz) nan bouton prensipal la
- Fèmen pòt ak fenèt a kle
- Fè fanmi ak zanmi konne kote ou ye

NÒT:

Sa se yon lis atik dijans debaz. Pa bliye pote founiti medikal espesifik pou ou, fanmi ou ak zannimo ou yo.



Si ou prale nan yon sant evakyasyon, ou ka genyen yon espas ki mezire sèlman 5 pye pa 4 pye, alò pa pote tòp bagay. Anplis lis twous katastwòf sa a, ale nan paj 5 pou li sa ki ekri sou san evakyasyon yo

INFORMATION IN ENGLISH

BE PREPARED FOR THE HURRICANE SEASON

Make sure you have an emergency kit and all tree pruning debris and shrubs are collected before a hurricane approaches. Get more information at miamidade.gov/hurricane or call 311.

EMERGENCY & EVACUATION ASSISTANCE PROGRAM

The Emergency & Evacuation Assistance Program is specifically designed for Miami-Dade County residents who require transportation assistance or cannot evacuate by themselves. It's highly suggested to register before hurricane season. Download the application and review eligibility at miamidade.gov/hurricane or call 311.

DURING A HURRICANE WATCH OR WARNING

Do not begin any pruning or cleanup activities or place trash on the curb during a tropical storm or hurricane watch or warning. Neighborhood Trash and Recycling Centers (TRC) will remain open, weather permitting, for residents living in unincorporated Miami-Dade County or the following cities serviced by Miami-Dade County: Aventura, Cutler Bay, Doral, Miami Gardens, Miami Lakes, Opa-locka, Palmetto Bay, Pinecrest and Sunny Isles Beach. Call 311 or visit miamidade.gov/solidwaste for information on TRC locations and hours of operation - or consult page 10 on this guide. During a hurricane warning, all garbage and recycling services are suspended. Please secure your waste and recycling carts inside your property. Follow the news on the radio and on TV and stay inside.

DISASTER KIT CHECKLIST

You should gather supplies you might need in an evacuation or disaster. Store them in easy-to-carry container such as a backpack or duffle bag. Use the following list as a guide to ensure you have included all you need. Use blank spaces to add other items you might need.

- At least one gallon of water per person for 3 to 7 days*
- For pets, have 1 1/2 gallons of water per pet over 3 days, as well as food
- Non-perishable snacks and packaged or canned food for at least 3 to 7 days
- Non-electric can opener
- Change of clothing, rain gear and sturdy shoes
- Bedding and blankets
- First-aid kit and prescription medications
- Extra pair of glasses
- Flashlight, battery-powered radio and batteries
- Cash
- Fully charged mobile phone with charger
- Extra set of car keys
- Phone list of family physicians
- List of family members, friends or neighbors and contact information
- Medical device information (style and serial number) like pacemakers, etc.
- Special items and food for infants, elderly or disabled family members
- Current utility bill to prove residency should your area be secured due to damage
- Personal hygiene items
- Garbage bags
- _____
- _____
- _____

You can find a comprehensive list of disaster supplies in www.ready.gov/build-a-kit.

*Please, remember to rotate the bottles and replace them before their expiration date.

AFTER A STORM

- Follow the news in the local communication channels, call 311 or visit miamidade.gov to obtain information regarding waste and debris collection.
- Remain inside until local authorities say it's safe to go outside.
- Take the small piles of debris to a TRC. Place big piles of debris on the curbside and away from fences, mailboxes, drains, power lines and low-hanging wires. Do not place debris in vacant lots or in front of commercial properties, nurseries or farmland.
- Report all waste and recycling carts damaged so they could be replaced.
- Be careful and patient, cleaning activities during a storm aftermath could take long

Included in this guide you will find a door hanger, which should be used in the aftermath of a hurricane. If you **DO NOT** need emergency assistance, place the green "**OK**" on your front door. If you **DO** need emergency assistance, call first **911** and then, place the red "**HELP**" on your front door.

INFORMACIÓN EN ESPAÑOL

PREPÁRESE PARA LA TEMPORADA DE HURACANES.

Asegúrese de tener un kit de emergencia y retirar los recortes de la poda de árboles antes de una advertencia de tormenta. Llame al 311 o visite miamidade.gov/hurricane para obtener más información.

PROGRAMA DE ASISTENCIA PARA EVACUACIONES DE EMERGENCIA

El Programa de Asistencia para Evacuación en Caso de Emergencias (EEAP, por sus siglas en inglés) fue creado para los residentes del Condado de Miami-Dade que necesitan ayuda para transportarse o que no pueden evacuarse por sí mismos. Las personas que necesiten asistencia de evacuación deben registrarse antes de la temporada de huracanes. Descargue la aplicación y verifique si reúne los requisitos en miamidade.gov/hurricane o llame al 311.

DURANTE UNA ADVERTENCIA O AMENAZA DE HURACÁN

No podes los árboles, no realice actividades de limpieza ni coloque la basura junto a la acera. Los Centros de Basura y Reciclaje aceptarán basura mientras las condiciones del tiempo lo permitan. Los centros brindan servicio a los usuarios que residen en áreas no incorporadas y en los siguientes municipios: Aventura, Cutler Bay, Doral, Miami Gardens, Miami Lakes, Opa-locka, Palmetto Bay, Pinecrest y Sunny Isles Beach. Llame al 311 para obtener las direcciones y horarios de los centros (o vea la página 13 de esta guía). Los servicios de basura y reciclaje se suspenden durante una advertencia de huracán, así que guarde los carros de basura y de reciclaje en su casa. Siga las noticias en la radio o la televisión y manténgase dentro de la vivienda.

SU LISTA PARA EL CONTENIDO DEL KIT DE EMERGENCIA

Usted debe reunir los suministros que podría necesitar en una evacuación. Póngalos en un contenedor que sea fácil de transportar, como una mochila o bolso grande. Use la siguiente lista como guía para garantizar que ha incluido todo lo que necesita. Utilice los espacios en blanco para agregar a la lista algunos artículos que podría necesitar.

- Al menos un galón de agua por persona por día para tres a siete días*
- En el caso de las mascotas, tenga disponible 1 1/2 galones de agua por cada animal para más de tres días
- Alimentos envasados o enlatados no perecederos para tres a siete días, como mínimo
- Abridor manual de latas
- Una muda de ropas, impermeable para la lluvia y zapatos resistentes
- Mantas y frazadas
- Botiquín de primeros auxilios y medicamentos con prescripción médica
- Un par adicional de espejos
- Radio de baterías, interna y suficientes baterías adicionales
- Dinero en efectivo
- Teléfono celular con carga suficiente y cargador
- Juego de llaves adicional para el auto
- Lista telefónica de doctores de la familia
- Lista de miembros de la familia, amigos y vecinos y su información de contacto
- Información sobre dispositivos médicos (estilo y número de serie) como marcapasos, etc.
- Artículos y alimentos especiales para niños, personas mayores o miembros discapacitados de la familia
- Factura reciente de una empresa de servicios públicos, para comprobar su lugar de residencia en caso de que el área esté cerrada al público debido a los daños
- Artículos de higiene personal
- Bolsas de basura
- Juegos de mesa, juguetes y material de lectura
- _____
- _____
- _____

*Recuerde rotar las botellas según su antigüedad y reemplazarlas antes de la fecha de vencimiento. En la página web www.ready.gov/es/haga-un-plan encontrará una lista de suministros para desastres.

DESPUÉS DE UN HURACÁN

- Siga las noticias en los medios de comunicación locales, llame al 311 o visite miamidade.gov para obtener información acerca de los servicios de recogida de basura o escombros esparcidos por los vientos del huracán.
- Permanezca dentro de la vivienda hasta que las autoridades locales anuncien que es seguro salir afuera.
- Lleve las cantidades pequeñas de ramas y otros objetos esparcidos por los vientos del huracán a un Centro de Basura y Reciclaje. Coloque los montones grandes de escombros junto a la acera, pero lejos de cercas, buzones de correo, cañerías de desagüe, cables eléctricos y cables a baja altura. No coloque ramas ni otros objetos en terrenos desocupados ni frente a establecimientos comerciales, viveros o tierras de labranza.
- Reporte los contenedores de basura o reciclaje dañados para que los reemplacen.
- Tenga paciencia y cuidado. Las tareas de limpieza después de una tormenta pueden llevar tiempo.

En esta guía se incluye un colgador para la puerta, que deberá utilizar luego del paso de un huracán. Si **NO** necesita ayuda de emergencia, coloque el lado verde “**OK**” en su puerta de entrada. En caso de que **SÍ** necesite ayuda de emergencia, llame primero al **911** y luego coloque en la puerta de entrada el lado rojo “**HELP**”.



Majistra ak Konsèy Komisyonè Konte yo



Majistra
Carlos A. Gimenez

Stephen P. Clark Center
111 NW 1st Street
Miami, FL 33128
305-375-5071
mayor@miamidade.gov



Distri 5
Eileen Higgins

Biwo Distri
2100 Coral Way
Suite 400
Miami, FL 33145
305-375-5924
district5@miamidade.gov



Distri 10
Javier D. Souto

Biwo Distri
9766 Coral Way
Suite 1
Miami, FL 33165
305-222-2116
district10@miamidade.gov



Distri 1
Barbara J. Jordan

Biwo Distri
2780 NW 167th Street
Miami Gardens, FL 33054
305-474-3011
district1@miamidade.gov



Distri 6
Rebeca Sosa
Vice Chairwoman

Biwo Distri
1000 SW 57th Avenue
Suite 201
Miami, FL 33144
305-267-6377
district6@miamidade.gov



Distri 11
Joe A. Martinez

Biwo Distri
4081 SW 152nd Avenue
Unit 21
Miami, FL 33185
305-552-1155
district11@miamidade.gov



Distri 2
Jean Monestime

Biwo Distri
900 NE 125th Street
Suite 200
Miami, FL 33161
305-694-2779
district2@miamidade.gov



Distri 7
Xavier L. Suarez

Biwo Distri
3750 S. Dixie Highway
Miami, FL 33133
305-694-3550
district7@miamidade.gov



Distri 12
José "Pepe" Díaz

Biwo Distri
8345 NW 12th Street
Miami, FL 33126
305-599-1200
district12@miamidade.gov



Distri 3
Audrey M. Edmonson
Chairwoman

Biwo Distri
Caleb Center
5400 NW 22nd Avenue
Suite 701
Miami, FL 33142
305-636-2331
district3@miamidade.gov



Distri 8
Daniella Levine Cava

Biwo Distri
10710 SW 211th Street
Suite 103
Miami, FL 33189
305-378-6677
district8@miamidade.gov



Distri 13
Esteban L. Bovo, Jr.

Biwo Distri
1490 West 68th Street,
Suite 101,
Hialeah, FL 330148
305-820-8424
district13@miamidade.gov



Distri 4
Sally A. Heyman

Biwo Distri
1100 NE 163rd Street
Suite 303
N. Miami Beach, FL 33162
305-787-5999
district4@miamidade.gov



Distri 9
Dennis C. Moss

Biwo Distri
1634 NW 6th Avenue
Florida City, FL 33034
305-245-4420
district9@miamidade.gov

Antanke manm ou gen dwa a bonjan sèvis finansye sa yo:

 Kont epay ak Kont chèk

 Konsèy finansye

 Prè

 Kont retrèt

 Sèvis sou entènèt

 Kat kredi

 Sèvis achte oto

 Ipotèk

KOTE YON MANM GEN AVANTAJ LI



Ap Sèvi Konte Miami-Dade depi 1939

Kòmanse jwi avantaj sa yo Jodi a. Antre nan kès popilè a!

dcfcu.org

305-471-5080



Kès Popilè Prefere Miami Dolphins



Moun (ak manm fanmi yo) ki viv, travay, adore, ale lekòl, opere biznis, oswa lòt antite legal ki nan Konte Miami-Dade byenvini pou antre nan Kès Popilè nou an. Tout moun (ak manm fanmi yo) ki travay nan nenpòt Gwoup ki manm nou ka antre tou. Li louvri tou pou biznis ak lòt antite legal nan Konte Miami-Dade Florid vin manm.





Office of the Mayor
Stephen P. Clark Center
111 NW 1st Street, Suite 2910
Miami, FL 33128

PPSRT STD
US Postage
PAID
Miami, FL
Permit #1087

****ECRWSS****
RESIDENTIAL CUSTOMER

**POU MANDE GID PREPARASYON SIKLN SA ANAN FÒMA ALTÈNATIF,
SOUPLE KONTAKTE BIWO JESYON DIJANS KONTE MIAMI-DADE
NAN 305-468-5400.**



**EDE NOU LÈ OU
PRAN SONDAJ
LEKTÈ GID
PREPARASYON
SIKLÒN 2019 LA.**

Tape yon foto pou gen aksè a sondaj la
oswa vizite miamidade.gov/hurricane.

